**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–24.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्वबला एनडीए सरकार आइ विधानसभा मे विश्वास मत हासिल कयलक अछि। विधानसभा मे विश्वास प्रस्ताव ध्वनिमत सँ पारित भेल। विश्वास प्रस्ताव पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नीति तथा विचार सभक समर्थन करैत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी हुनक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। श्री चौधरी एनडीए के सभ सहयोगी दल सभ के सेहो प्रस्तावक समर्थन करबाक लेल धन्यवाद देलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे एनडीएक नेतृत्वबला नव सरकारक प्राथमिकता सभ मे भ्रष्टाचार, अपराध आओर साम्प्रादायिकता पर रोक लगायब शामिल अछि। श्री चौधरी नव सरकारक कार्यशैली मे महिला सुरक्षा के सेहो प्राथमिकता देलनि अछि।

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी मुख्यमंत्री के विश्वास मत हासिल करय पर बधाई देलनि अछि। जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा कहलनि अछि जे राज्य मे नीतीश कुमारक सुशासन आओर विकास मॉडल जारी रहत। विश्वास प्रस्ताव पर चर्चाक दरमियान विपक्षक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कटाक्ष करैत कहलनि जे एलेक्टेड सीएम के जगह सेलेक्टेड सीएम बनबाक लेल सम्राट चौधरी के बधाई देलनि। नेता प्रतिपक्ष कहलनि जे, सरकार के सकारात्मक समर्थन देबाक लेल बिहारक विकासक मुद्दा पर विपक्ष तैयार अछि।

---

आइ राष्ट्रीय पंचायती राज दिवस अछि। एहि अवसर पर देशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। एम्हर, प्रदेशक सभ पंचायत सभ मे सेहो विशेष ग्रामसभाक आयोजन कयल जा रहल अछि। ग्राम सभाक संग–संग जिला, प्रखंड आओर पंचायत स्तर पर विभिन्न जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। पंचायती राज विभागक निदेशक नवीन कुमार सिंह कहलनि जे ग्राम सभा सभ मे महिला सशक्तिकरण, पंचायत एडवांसमेंट इंडेक्स, सतत विकास लक्ष्य सभक स्थानीयकरण आओर स्वयं के राजस्व सभ मे वृद्धि जेहन महत्त्वपूर्ण विषय सभ पर चर्चा कयल गेल। ध्यातव्य अछि जे तिहत्तरम संविधान संशोधन अधिनियमक क्रियान्वयनक बाद प्रत्येक वर्ष चौबीस अप्रील के पंचायती राज दिवस मनाओल जाइत अछि।

---

केन्द्र सरकार द्वारा दू हजार पच्चीस–छब्बीस मे पचहत्तरि लाख सँ बेसी अनुसूचित जातिक छात्र सभक शिक्षा आओर सशक्तिकरणक लेल सात हजार नओ सय एकासी करोड़ रूपैया सँ बेसी राशि वितरित कयल गेल। सामाजिक न्याय आओर आधिकारिता मंत्री डॉक्टर वीरेन्द्र कुमार कहलनि जे विभाग अनुसूचित जातिक वंचित छात्र सभक शैक्षिक सशक्तिकरण पर केन्द्रित कतेको योजना लागू कऽ रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रवि दिन छब्बीस अप्रील कँ दिन मे एगारह बजे आकाशवाणीक मन की बात कार्यक्रम मे देश आ विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करतथि। ई

मन की बात कार्यक्रमक एक सय तैंतीसम कड़ी होयत। एकर प्रसारण आकाशवाणी आओर दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आओर न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल एप पर कयल जायत। हिंदी प्रसारणक तुरंत बाद क्षेत्रीय भाषा सभ मे सेहो एकर प्रसारण कयल जायत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दुबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे अगिला तीन सँ चारि दिन धरि अत्यधिक गर्मी आ लू के प्रकोप जारी रहत। एहि दरमियान तापमान सामान्य सँ तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि अधिक बनल रहबाक संभावना अछि। मौसम विभाग द्वारा कहल गेल जे रोहतास, भभूआ, औरंगाबाद, आओर जहानाबाद सहित राज्यक दक्षिणी हिस्सा मे आइ लू चलबाक आशंका अछि। ओतहि राज्यक उत्तर–पूर्वी हिस्सा मे किछु स्थान सभ पर तेज हवाक संग कनी–मनी पानि पड़बाक पूर्वानुमान अछि। पिछला चौबीस घंटाक दरमियान तैंतालीस डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग रोहतासक डेहरी राज्यक सभ सँ गर्म जगह रहल। एम्हर, पटनाक अधिकतम तापमान एकतालीस दशमलव तीन डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————————

समाप्त भेल।